



LEKÒL PIBLIK BRIDGEPORT

Gid Etidyan

RISE TOGETHER!

Lekòl Piblik Bridgeport yo anvizyonnen yon anviwònman aprantisaj pèfòman, kiltirèlman apwopriye kote elèv yo kapab pwospere akademikman, sosyalman, emosyonèlman, ak kòm sitwayen.

Rete Konekte!

Pou plis enfòmasyon: www.bridgeportedu.net

Parent Square: [Sign In | Bridgeport Public Schools \(parentsquare.com\)](https://www.parentsquare.com)

Facebook: [Bridgeport Public Schools | Bridgeport CT | Facebook](https://www.facebook.com/BridgeportPublicSchools)

Lekòl Piblik Bridgeport Yo
Konsèy edikasyon

Christine Baptiste-Perez, Prezidan

Akisha L. Cassermere, Vis Prezidan

Jennifer Perez, Sekretè

Tiheba Bain, Manm

Albert Benejan Grajales, Manm

Willie Medina, Manm

Joseph Sokolovic, Manm

Robert J. Traber, Manm

Andre Woodson, Manm

Sipèentandan

Dr. Carmela M. Levy David

Sipèentandan Adjwen

Dr. Royce Avery

Assistant Sipèentandan

Dr. Albert Sackey

Ofisye Akademik anChèf

Ms. Jennifer Murchison

Ofisye Resous imèn anchèf

Dr. Janene Hawkins

Ofisye Edikasyon espesyal anchèf

Ms. Michele McKinley

Direktè Egzekitif Lidèchip Lekòl

Ms. Sangeeta Bella

Direktè Egzekitif Lidèship Lekòl

Mr. Christopher Weiss

Direktè Egzekitif pou Rekiperasyon Lekòl

Ms. Margaret Hughes

Biwo Sèvis Elèv

Bassick High School
1181 Fairfield Ave
2nd Floor
Bridgeport, CT

Direktè Aprantisaj Sosyo-Emosyonèl ak Sèvis pou Elèv

Ms. Cheryl Ann Faga Milo

Direktè Enfimyè

Ms. Lizzette Early

Lyezon McKinney-Vento

Ms. Jacqueline Roscoe

Lyezon Kominotè

Ms. Jeanette Herron

Fasilitatè Kominotè

Mr. Derrick Patrick

Ekspilsyon

Ms. Na'Imah CatlinExpulsions

Read-Aloud, Don ak Patenarya

Ms. Mary Joyce Goodwin

Se règleman Komisyon Konsèy Edikasyon Bridgeport lan pou pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, estati sivil, relijyon, laj, orijin Nasyonal, andikap, twoub mantal oswa andikap entelektyèl, nan okenn nan pwogram edikatif li yo, aktivite yo oswa politik anplwa li yo.

Lekòl Piblik Bridgeport yo entèdi diskriminasyon sou sèks nan nenpòt pwogram edikasyonèl oswa nan aktivite li jere yo. Nou ankouraje moun yo pou yo rapòte enkyetid yo oswa kesyon yo bay Kowòdonatè Tit IX an. Avi sou non-diskriminasyon an [SITIYE ISIT LA](#).

Kesyon sou Tit IX lan ka adrese bay Kowòdonatè Tit IX Lekòl Piblik Bridgeport yo, Biwo Dwa Sivil Depatman Edikasyon Etazini an, oswa toude yo.

Nenpòt moun ka fè yon rapò sou diskriminasyon ki baze sou sèks oswa sou asèlman seksyèl ak bay Kowòdonatè Tit IX la, sèvi ak youn oswa plizyè nan metòd kontak sa yo:

Dr. Janene Hawkins: Ofisye Resous Imèn anchèf (Chief Human Resource Officer)

Lekòl Piblik Bridgeport yo

(Bridgeport Public Schools)

45 Lyon Terrace – Sal 324

Bridgeport, CT 06604

203-275-1042

Tablo Kontni

Misyon Konsèy Edikasyon an	7
Mesaj Sipèntandan an	8
Objektif Gid etidyan an ak Kòd konduit ak Responsabilite	9
Revizyon Liv Gid Etidyan ak Kòd Konduit ak Responsablite	9
Notifikasyon anyèl sou dwa paran yo Konsènan dosye lekòl yo	10
Kreye lekòl ki an sekirite, enklizif, ki sipòte, ak ekitab.....	15
Klima pozitif ak kiltirèl nan lekòl	15
Aprantisaj Sosyo-Emosyonèl.....	15
Kad CASEL	16
Mantalite Restoratif	16
Konsekans Lojik.....	16
Atant Lekòl la	17
Pwogram SEL	17
Zouti pou Kalme ak Konsyans	17
Absans repete, prezans ak absans san okenn rezon	18
Absans Repete vs. Absans san okenn rezon	18
Pwogram Angajman Ak Prezans Elèv (LEAP).....	18
Absans ki Jistifye	19
Absans Ki pa Jistifye	20
Anreta	20
Absans san rezon	21
Devwa pou Reprann	21
Règleman ak pwosedi Konsèy Edikasyon an	22
Entimidasyon	22
Telefòn Pòtab ak Aparèy Elektwonik.....	22
Rate Klas	23
Dwòg ak Alkòl	23
Pwosesis pou Sinyale Bizouta	24
Kazyè	24
Rechèch ak Konfiskasyon	25
Aselman Ki Baze Sou Sèks	25
Vyolans nan Koup Amoure	26
Rezo Sosyo ak Teknoloji	26
Règleman sou Inifòm	28

Itilizasyon Fòs oswa Metriz Fizik	29
Vandalism.....	29
Vapè	29
Zam yo.....	29
APENDIS A: Glosè Tèm yo	31
APENDIS B: Verifikasyon Ekri sou Revizyon Gid lan ak Kòd Konduit ak Responsabilite.....	37
Travay Ke yo Konsilte yo	38

Misyon Konsèy Edikasyon an

Nou propoze yon modèl ekselans ak ekite nan zafe edikasyon pou chak etidyan, nan tout nivo, Nou konsantre nou sou bon jan kalite ansèyman ak bay yon sistèm ak estrikti efikas nan lekòl yo pou soutni yon kilti angaje nan siksè.

Filozofi

Lekòl Piblik Bridgeport yo anvizaje yon anviwònman aprantisaj pèfòman, kiltirèlman apwopriye kote elèv yo kapab pwospere akademikman, sosyalman, emosyonèlman, ak kòm sitwayen.

Mesaj Sipèentandan an

Chè Fanmi,

Nan non tout moun nan Lekòl Piblik Bridgeport yo, mwen vle akeyi nou chak lan nan distri an. Nou anvizaje yon distri aprantisaj ki pèfòman, sansib ak kilti, kote elèv yo pwogrese akademikman, sosyalman, emosyonèlman, ak kòm sitwayen.

Avèk prèske 20,000 elèv nan Distri nou an, soti depi preskolè rive nan tèminal atravè 39 lekòl, Nou fyè de kò elèv nou an ak pèsònèl nou yo ki soti nan diferan kilti e ki pale plizyè lang, ak 70 lang ki pale nan Distri nou an. Nou propoze yon modèl ekselans ak ekite nan zafe edikasyon pou chak etidyan, nan tout nivo, Nou konsantre nou sou bon jan kalite ansèyman ak bay yon sistèm ak estrikti efikas nan lekòl yo pou soutni yon kilti angaje nan siksè.

Ansanm, Nou ap chèche:

- Adrese bezwen aprantisaj elèv yo, bay bon jan enstriksyon pa sèlman pou elèv yo, men pou pwofesè yo tou pou yo ka bay yon ansèyman ki sansib ak kilti, garanti yon aksè ekitab nan ansèyman pou tout elèv k ap aprann yo.
- Optimize efikasite operasyonèl, ki aliyen bidjè nan lavni nou yo ak eleman enstriksyonèl kle yo
- Bay tout elèv yo yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite sou plan fizik, mantal, ak emosyonèl pou yo ka konsantre sou aprantisaj yo.
- Ankouraje yon kilti edikasyon ki chita sou divèsite, ekite, enklizyon, ak sans appartenans pou tout elèv ak pèsònèl yo.

Objektif sa yo fèt pou yo aplike chak jou nan chak lekòl nan distri nou an. Valè sa yo ap gide nou nan akonpli misyon lekòl piblik Bridgeport yo.

Se yon plezi pou mwen pou prezante nou Gid etidyan sa a, ki pral ede elèv yo, ak fanmi yo jwenn enfòmasyon enpòtan sou lekòl yo, Distri a, ak tout moun ki nan kominote lekòl nou yo. Atant nou an se ke ou pral li epi swiv règleman ki prezante nan manyèl sa a. Distri a gen dwa pou chanje epi mete ajou nan kèk a pati nan manyèl sa a ak nenpòt lòt dokiman ki nesèsè pandan tout ane lekòl la nan diskresyon Distri a.

Tanpri, Pa ezite kontakte mwen si nou gen rekòmandasyon sou kòman nou ka amelyore règleman nou yo. Sensèman,

[siyati]

Carmela Levy-David

Sipèentandan

Objektif Gid etidyan an ak Kòd konduit ak Responsabilite

Tout elèv yo dwe respekte ak asime règleman yo, pwosedi yo, ak responsabilite ki dekri nan gid etidyan an:

- Avan, Pandan ak aprè Lekòl
- Nan espas lekòl lan ak nan aktivite ki gen rapò ak lekòl yo nan espas lekòl la oswa deyò lekòl la.
- Pandan vwayaj pou ale ak pou soti lekòl lan
- Pandan w ap tann transpò oswa ap vwayaje nan yon otobis lekòl la oswa lòt mwayen transpò ke lekòl la bay, ki nan wout pou ale oswa retounen lekòl pou yon aktivite lekòl la sponsorize.
- Andeyò espas lekòl lan ak andeyò lè kou yo, Lè konpòtman yo vyole politik Komisyon Konsèy Edikasyon an epi retounen elèv la (yo) ki komèt ofans lan ta ka kontribiye nan deranjman lekòl la ak pwosesis edikasyon li an. Zak sa yo dwe nan yon nati grav, *e.g, enfraksyon ki gen rapò ak zam danjere, drog oswa krim ki akonpaye ak konpòtman vyolan tankou vòl oswa enfraksyon seksyèl.*

Siksè disiplin lekòl la depann sou pataj responsabilite ant lakay, lekòl, ak kominote an. Antanke patnè nou nan edikasyon, paran/gadyen ak manm kominote an ta dwe konnen epi konprann Kòd Konduit ak Responsablite an.

Revizyon Liv Gid Etidyan ak Kòd Konduit ak Responsablite

Li enpòtan pou elèv yo, paran yo, pwofesè yo, administratè yo, ak anplwaye distri yo li, konprann epi pale sou Gid etidyan an ak sou Kòd Konduit ak Responsablite an.

Anplwaye lekòl la pral pase tan nan kòmansman ane lekòl lan pou revize Gid etidyan an ak Kòd Konduit ak Responsabilite an ak elèv ki nan sal klas yo. N ap bay prezantasyon sou Lekòl ki an sekirite yo, entimidasyon, epi sou diskriminasyon ki baze sou sèks tou.

Antanke patnè nan edikasyon , yo mande pou paran yo/Swanyan yo /gadyen yo pou revize Gid lan epi pou yo gen yon diskisyon avèk elèv yo sou enpòtans prezans li nan lekòl la, Respè Kòd Konduit ak Responsablite an , ak konsekans lojik.

Paran/Swanyan/Gadyen ak elèv yo pral mande pou siyen yon rekonèsans Gid lan ak Kòd Konduit ak Responsabilite an.

Notifikasyon anyèl sou dwa paran yo Konsènan dosye lekòl yo

Lwa sou Dwa edikasyon ak pwoteksyon vi prive Fanmi (FERPA), 20 U.S.C. § 1232g, ak lòt lwa ki swiv, bay paran ak elèv ki kalifye (sètadi, elèv ki gen plis pase 18 an, minè ki gen kapasite legal, ak sa yo ki ap fè etid segondè) kèk dwa konsènan dosye lekòl elèv yo. Yo se:

1. Dwa pou enspekte epi revize dosye lekòl elèv la pandan karant senk (45) jou apati dat ke distri a resevwa yon demann pou jwenn aksè an. Paran yo oswa elèv ki kalifye yo dwe soumèt bay direktè lekòl la yon demann ekri ki idantifye dosye yo vle enspekte an. Direktè a ap fè aranjman yo pou yo jwenn aksè an epi l ap enfòmè paran yo oswa elèv ki kalifye yo kilè ak ki kote yo kapab enspekte dosye yo.
2. Dwa pou mande Modifikasyon nan dosye lekòl elèv la ke paran yo oswa elèv ki kalifye an Konsidere kòm pa kòrèk oubyen ki twonpe, oswa ki vyole dwa vi prive elèv la.

Paran oswa elèv ki kalifye yo ka mande Distri a pou modifiye yon dosye ke yo kwè ki pa kòrèk, ki twonpe, oubyen otreman ki vyole dwa vi prive elèv la. Paran yo oswa elèv ki kalifye an dwe ekri Responsab Dosye yo, Frances Aponte, 45 Lyon Terrace Rm. #330, Bridgeport, Connecticut 06604 kote li ap idantifye pati nan dosye an ke paran an oswa elèv ki kalifye an vle modifiye an, ak presize poukisa li pa kòrèk oswa twonpe, oswa otreman vyole dwa vi prive elèv la.

Si Distri a decide pou li pa modifiye dosye a jan paran an oswa elèv ki kalifye an mande an, Distri a ap enfòmè paran yo oubyen elèv ki kalifye an sou desizyon an epi ap konseye yo sou dwa yo pou yon odyans konsènan demand modifikasyon yo an. Lòt enfòmasyon konsènan pwosedi odyans yo ap pataje ak paran yo oswa elèv ki kalifye yo lè yo enfòmè yo sou dwa yo pou yon jwenn yon odyans.

3. Dwa sou konsantman pou divilge enfòmasyon ki idantifye pèsònèl nan dosye lekòl elèv la, eksepte nan limit ke FERPA otorize divilgasyon san konsantman an.

Eksepsyon ki pèmèt divilgasyon san konsantman an se Lè li divilge bay yon ofisyèl lekòl la ki gen yon enterè lejitim. Yon ofisyèl lekòl se yon moun ki ap travay pou Distri a kòm yon administratè, sipèvizè, enstriktè oswa manm pèsònèl sipò (ki gen ladan anplwaye medikal oswa ki nan domèn lasante ak pèsònèl ki nan inite pou fè aplike lalwa); yon moun k ap sèvi nan Konsèy edikasyon an; yon moun oswa yon konpayi ke Distri a gen yon kontra pou fè yon travay espesyal (tankou yon avoka, oditè, konsiltan medikal, oswa terapès); yon paran oswa yon elèv k ap sèvi nan yon komite ofisyèl, tankou yon komite disiplinè oswa yon komite plent, oswa ede yon lòt ofisyèl lekòl nan fè travay li. Yon ofisyèl lekòl gen yon enterè edikasyonèl lejitim si li bezwen revize yon dosye lekòl pou kapab akonpli responsablite pwofesyonèl li.

Sou demann, Distri a ap pataje dosye lekòl yon elèv san konsantman li bay yon ofisyèl yon lòt lekòl piblik, Tankou yon lekòl piblik endepandan, kote elèv la ap chèche oswa gen entansyon enskri.

4. Dwa pou depoze yon plent nan Depatman Edikasyon Etazini konsènan echèk swadizan Distri an pou konfòme li avèk ekzijans FERPA yo. Non ak adrès Biwo ki administre FERPA an se:

Biwo Konfòmite Politik Familyal

Depatman Edikasyon Etazini

400 Maryland Avenue, S.W.

Washington, DC 20202-4605 2

Sòf si yon notifikasyon ekri pa yon paran oswa yon elèv pou opoze li nan de semèn ki swiv dat avètisman sa a, distri lekòl la pral pèmèt yo divilge "Enfòmasyon Anyè" konsènan yon elèv. Yon Enfòmasyon Anyè se yon enfòmasyon ki nan dosye Lekòl yon elèv ki pa jeneralman konsidere kòm danjere oswa yon envazyon sou enfòmasyon prive si yo divilge li. Li gen ladann, men li pa sa sèlman sa, non paran an ak/oswa adrès imèl paran an, Non, adrès elèv lan, nimewo telefòn li, adrès imèl li, fotografi ak videyo li, dat ak Adrès nesans li, Sa li ap etidye yo, nivo klas li, patisipasyon li nan aktivite lekòl oswa spòtif ke lekòl la sponsorize, pwa ak wotè li (si elèv la se yon manm nan yon ekip atletik), dat prezans, diplòm ak prim yo te resevwa, ak lekòl ki pi resan ki li te ale.

Objeksyon ekri sou divilgasyon enfòmasyon anyè yo valab pou selman yon ane. Distri lekòl yo legalman oblije bay moun k ap anwole militè yo ak enstitisyon aprantisaj siperyè yo li, si yo mande l non, adrès ak nimewo telefòn elèv lekòl segondè yo, sof si yon paran oswa elèv ki kalifye yo fè yon objeksyon ekri sou divilgasyon sa yo. Objeksyon sa yo dwe alekri epi yo ap valab selman pou yon ane. Nan tout lòt sikonstans, enfòmasyon ki deziyen kòm enfòmasyon Anyè yo pap divilge lè yo mande pa yon pati tyè sof si yo detèmine divilgasyon enfòmasyon sa yo nan yon enterè edikasyonèl distri lekòl la epi ki konpatib avèk obligasyon distri a anba lalwa eta a ak lalwa federal lan.



Deklarasyon dwa paran yo pou moun k ap aprann Anglè oswa plizyè lang

Bouyon

DEPATMAN EDIKASYON ET A CONNECTICUT

Dapre [P.A.23-150 Seksyon 17](#), Konsèy Edikasyon Leta a dwe ekri yon deklarasyon sou dwa alekri pou paran oswa responsab legal elèv k ap aprann plizyè lang pou garanti dwa paran ak elèv sa yo byen sere epi pwoteje nan dispozisyon edikasyon bileng dapre Chapit 164 lwa jeneral yo ak pataj Deklarasyon Dwa sa a nan lang dominan paran yo oswa responsab legal yo.

Sa a vle di, dapre P.A.23-150 Seksyon 17, Konsèy Edikasyon Leta a pral kreye yon lis dwa ki klè pou paran oswa responsab legal elèv k ap aprann plizyè lang yo. Lis sa a pral asire dwa paran ak elèv sa yo an sekirite epi pwoteje lè yo resevwa edikasyon bileng jan sa a dekri nan Chapit 164 Lwa Jeneral Connecticut (C.G.S.) yo. Y ap bay paran oswa responsab legal yo lis dwa yo nan lang yo konprann pi byen an.

Pou ane lekòl k ap kòmanse 1ye jiyè 2024 la ak chak ane lekòl apre dat sa a, chak konsèy edikasyon lokal ak rejyonal ki bay yon pwogram edikasyon bileng oswa anglè kòm yon nouvo lang dwe:

1. Bay paran ak responsab legal elèv ki kalifye yo yon kopi deklarasyon dwa elèv k ap aprann plizyè lang yo nan lang dominan paran ak responsab legal sa yo; epi
2. Mete kopi deklarasyon dwa elèv k ap aprann plizyè lang sa yo disponib sou sit Entènèt konsèy sa a.

Sa a vle di apati 1ye jiyè 2024 ak nan ane ki vin apre yo, chak konsèy edikasyon lokal ak rejyonal ki ofri edikasyon bileng oswa pwogram Anglè kòm yon nouvo lang dwe:

1. Bay paran ak responsab legal elèv ki kalifye yo yon kopi deklarasyon dwa elèv k ap aprann plizyè lang yo nan lang yo konprann pi byen an.
2. Mete kopi deklarasyon moun k ap aprann plizyè lang sa a disponib sou sit Entènèt konsèy la.

Sa yo se deklarasyon yo nan Deklarasyon dwa pou elèv k ap aprann Anglè oswa plizyè lang

1. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou l ale nan yon lekòl piblik nan eta a kèlkeswa sitiwayon imigrasyon elèv sa a oswa sitiwayon imigrasyon paran oswa responsab legal elèv sa a.

Sa a vle di yon elèv k ap aprann anglè oswa yon moun ki pale plizyè lang gen dwa ale nan yon lekòl piblik nan eta a, menm si elèv sa a oswa paran/responsab legal yo se imigran.

2. Dwa yon paran oswa responsab legal yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou enskri elèv sa a nan yon lekòl piblik san yo pa oblije soumèt dokiman imigrasyon, ki gen ladan, men ki pa sèlman, yon nimewo Sekirite Sosyal, dokiman viza oswa prèv sitwayènte.

Sa a vle di yon paran oswa responsab legal yon elèv k ap aprann anglè oswa ki pale plizyè lang kapab enskri pitit yo nan yon lekòl piblik san yo pa bezwen bay okenn dokiman imigrasyon tankou nimewo Sekirite Sosyal, papye viza oswa prèv yo se sitwayen.

3. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou gen sèvis tradiksyon (A) yon entèprèt ki prezan an pèsòn oswa ki disponib pa telefòn oswa atravè yon platfòm teknoloji sou entènèt, oswa (B) atravè yon sit entènèt oswa lòt aplikasyon elektwonik ki apwouve pa Komisyon Konsèy Edikasyon Eta a, pandan entèraksyon kritik ak pwofesè yo ak administratè yo, ki gen ladan, men ki pa sèlman, konferans paran pwofesè yo, reyinyon ak administratè lekòl kote elèv sa a ye a epi nan reyinyon regilye oswa espesyal konsèy edikasyon oswa reyinyon ki pwograme avèk yon manm oswa plizyè manm konsèy edikasyon ki responsab pou fè ledikasyon elèv sa a, dapre Seksyon 18 Lwa sa a.

Sa a vle di yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang gen dwa pou jwenn èd ak tradiksyon pandan reyinyon enpòtan ki enplike edikasyon elèv yo. Èd sa a ka soti nan men yon entèprèt an pèsòn, nan telefòn oswa atravè yon òdinatè. Sa a se pou ti chita pale enpòtan ak pwofesè ak lidè lekòl yo, tankou reyinyon paran-pwofesè oswa reyinyon ak administratè lekòl la. Se sa a yon seksyon espesifik nan lalwa ki rele seksyon 18 nan Lwa sa a prevwa.

swit ►

2 Deklarasyon Dwa Paran pou Moun k ap aprann Anglè oswa plizyè lang

4. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou patisipe nan yon pwogram edikasyon bileng konsèy edikasyon lokal oswa rejyonal la ofri lè gen ven oswa plis elèv ki kalifye kòm dominan nan yon lang, ki pa anglè, an akò ak dispozisyon ki nan Seksyon 10-17f nan C.G.S.
Sa a vle di yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang gen dwa pou l rantrè nan yon pwogram edikasyon bileng si yo mande youn nan lekòl la. Sa a baze sou règ ki nan Seksyon 10-17f C.G.S.
5. Dwa paran oswa responsab legal yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou resevwa avi alekri, nan lang anglè ak nan lang dominan paran oswa responsab legal sa a, pou elèv sa a kalifye pou patisipe nan yon pwogram edikasyon bileng oswa anglè kòm yon Nouvo pwogram lang konsèy lokal oswa rejyonal edikasyon an ofri.
Sa a vle di yon paran oswa responsab legal yon elèv k ap aprann anglè oswa ki pale plizyè lang gen dwa pou l resevwa yon avi alekri nan lang anglè ak nan lang yo pi bon ladan l nan pou di yo pitit yo ka antre nan yon pwogram edikasyon bileng oswa anglè kòm yon nouvo lang distri a ofri.
6. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang ak paran oswa responsab legal elèv sa a pou resevwa yon sesyon oryantasyon kalite siperyè, nan lang dominan elèv sa a ak paran oswa responsab legal sa a, nan men konsèy edikasyon lokal oswa rejyonal la ki bay enfòmasyon ki gen rapò ak estanda eta a, tès ak atant nan lekòl la pou elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang yo, ansanm ak objektif ak egzijans pou pwogram edikasyon bileng ak anglè kòm yon nouvo lang, anvan yo patisipe nan pwogram edikasyon bileng oswa anglè kòm yon nouvo lang sa a.
Sa a vle di elèv k ap aprann Anglè yo ak paran yo oswa responsab legal yo gen dwa pou yo patisipe nan yon reyinyon ki itil yo nan lang yo pi bon an. Konsèy lekòl lokal la pral òganize reyinyon sa a epi li pral ba yo enfòmasyon sou estanda eta a, tès yo ak sa yo atann nan lekòl la pou elèv k ap aprann anglè oswa ki pale plizyè lang yo. Yo pral aprann tou sou objektif ak règ pou pwogram edikasyon bileng ak Anglè kòm yon nouvo lang anvan yo rantrè nan pwogram sa yo.
7. Dwa paran oswa responsab legal yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou resevwa enfòmasyon sou pwogrè devlopman ak akizisyon lang anglè elèv sa a.
Sa vle di yon paran oswa responsab legal yon elèv ki ap aprann anglè oswa ki pale plizyè lang gen dwa pou jwenn mizajou ak enfòmasyon sou kijan pitit yo ap travay nan amelyore konpetans yo nan lang Anglè.
8. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang ak paran oswa responsab legal elèv sa a pou rankontre ak pèsònèl lekòl la pou diskite sou devlopman ak akizisyon lang anglè elèv sa a.
Sa a vle di elèv k ap aprann Anglè oswa ki pale plizyè lang ak paran yo oswa responsab legal yo gen dwa pou rankontre ak estaf lekòl la pou konnen kijan elèv la ap vanse nan aprann anglè epi nan amelyore konpetans yo nan lang la.
9. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou yo nan yon pwogram edikasyon bileng oswa anglè kòm yon nouvo lang, si konsèy edikasyon lokal oswa rejyonal la ofri sa a.
Sa a vle di yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang gen dwa pou l rantrè nan yon pwogram edikasyon bileng oswa anglè kòm yon nouvo lang si konsèy lekòl lokal la ofri sa a.
10. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou gen aksè egal ak tout pwogram lekòl la nan nivo klas yo.
Sa a vle di yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang gen dwa pou l jwenn menm opòtinite pou patisipe nan tout aktivite lekòl yo pou nivo klas yo.
11. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou gen aksè egal ak tout matyè bazik nan nivo klas yo.
Sa a vle di yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang gen dwa aprann tout matyè enpòtan yo nan nivo klas yo, menm jan ak lòt elèv yo.
12. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou l resevwa tès konpetans nan lang chak ane.
Sa a vle di yon moun k ap aprann anglè oswa yon moun ki pale plizyè lang gen dwa pou yo pran yon tès lang chak ane pou wè ki jan y ap vanse nan konpetans lang yo.

3 Deklarasyon Dwa Paran pou Moun k ap aprann Anglè oswa plizyè lang

13. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou resevwa sèvis sipò ki ann amoni ak nenpòt plan entèvansyon lekòl la oswa distri lekòl la bay pou tout elèv yo.
Sa a vle di yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang gen dwa pou jwenn èd siplemantè (atravè entèvansyon) ki koresponn ak plan lekòl la oswa distri lekòl la itilize pou ede tout elèv yo.
14. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou l enskri kontinyèlman e chak ane nan yon pwogram edikasyon bileng oswa anglè kòm yon nouvo lang pandan elèv sa a rete yon elèv ki kalifye, jan sa a defini nan seksyon 10-17e lwa jeneral yo.
Sa a vle di yon elèv k ap aprann anglè oswa yon moun ki pale plizyè lang ka rete nan yon pwogram edikasyon bileng oswa anglè kòm yon nouvo lang chak ane depi yo toujou kalifye, jan yo eksplike sa a nan Seksyon 10-17e C.G.S.
15. Dwa yon paran oswa responsab legal yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou kontakte Depatman Edikasyon Eta Connecticut ak nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan dwa elèv sa a pou resevwa sèvis pou elèv k ap aprann plizyè lang oswa akomodasyon ki disponib pou elèv sa a oswa paran oswa responsab legal sa a, ki gen ladan enfòmasyon konsènan nenpòt rekou pou konsèy edikasyon an pa bay oswa pa asire sèvis oswa aranjman sa yo.
Sa a vle di yon paran oswa responsab legal yon elèv k ap aprann anglè oswa yon elèv ki pale plizyè lang ka kontakte Depatman Edikasyon Eta Connecticut la si yo gen kesyon oswa enkyetid konsènan dwa pitit yo genyen pou jwenn sèvis oswa èd pou aprann lang. Sa a gen ladan chèche konnen kisa yo ka fè si konsèy lekòl la pa bay sèvis oswa èd yo ta dwe bay yo.

Kreye lekòl ki an sekirite, enklizif, ki sipòte, ak ekitab

Klima pozitif ak kiltirèl nan lekòl


Misyon Lekòl Piblik Boridjeport (BPS)" yo , se pou founi tout elèv yo nan lekòl lan yon anviwònman ki pozitif, enklizif e ki an sekirite nan tout klas yo.

Depatman Edikasyon an defini yon Lekòl ki an sekirite kòm yon Lekòl ki :

1. Ankouraje yon sans apatenans atravè yon anviwònman ki pozitif, Ki an sekirite, ki akeyan, ak enklizif
2. Sipòte bezwen sosyal, emosyonèl, sante fizik, ak sante mantal tout elèv yo
3. Asire yon administrasyon ki jis nan disiplin elèv yo e ki trete yo ak diyete ak respè

Aprantisaj Sosyo-Emosyonèl

Aprantisaj Sosyo-Emosyonèl (SEL) se yon konpozan fondamantal nan yon pwogram prevansyon inivèsèl pou tout elèv nan yon lekòl. Li bay yon seri sipò konpòtman pozitif ak opòtinite enpòtan pou aprantisaj sosyo-emosyonèl ki ap ankouraje rezilyans. Aprantisaj sosyo-emosyonèl ki efikas ede elèv yo devlope konpetans fondamantal pou lavi, tankou rekonèt ak jere emosyon yo; devlope swen ak konsiderasyon pou lòt moun; etabli relasyon pozitif; pran desizyon ki responsab; ak jere sitiyasyon difisil avèk konstriksyon ak etik. Lè elèv yo devlope konpetans sa yo, yo gen plis chans pou yo gen bon relasyon ak kamarad yo, adopte konpòtman sosyal ki pozitif, e yo gen mwens chans pou yo patisipe nan move Zak.




Kad CASEL

Lekòl Piblik Bridgeport yo ap itilize resous nan men Kolaborasyon pou aprantisaj akademik , sosyal, ak emosyonèl (CASEL) pou jwenn konesans sou aprantisaj sosyal ak emosyonèl (SEL) bon jan kalite ak ki baze sou evidans. Misyon CASEL se ede fè aprantisaj sosyal ak emosyonèl (SEL) yon pati entegran nan edikasyon nan Lekòl Segondè.

Kad CASEL la gen ladann senk pati kle:

1. Konesans Sou Tèt Ou
2. Jere Tèt Ou
3. Konsyans Sosyal
4. Konpetans Relasyonèl
5. Pran Desizyon Responsab



Kad 5 konpetans CASEL la ka anseye ak aplike nan diferan etap devlopman, depi timoun rive granmoun, e nan divès konteks kiltirèl.

Mantalite Restoratif

Repons disiplinè ki aliye ak Pratik Restoratif yo bay lekòl ak dirijan etablisman yo yon apwòch pou fè fas ak sitiyasyon sosyal ak konpòtman atravè yon kad ki konsistan ak ekitab. Objektif la, nan tout ka yo, se retabli yon santiman sekirite, apatnans, ak kominote pou tout pati yo. Pratik restoratif yo ogmante dyalòg ant elèv ak granmoun, ki ap vinn ogmante konsyans sosyal ak rezolisyon konfli.

Apwòch Tradisyonèl	Apwòch Restoratif
<i>Fokis lan se sou:</i>	<i>Fokis lan se sou:</i>
Vyolasyon règ yo	Kiyès ki te blese ak kijan
Etabli koupab oswa inosans	Reponn a bezwen elèv la
Sèvi ak pinisyon tankou tan deyò an oswa soti nan klas la pou ankouraje yon konpòtman pozitif.	Konpòtman pozitif sòti nan posibilite pou repare erè ou ak retounen nan klas lan
Responsablite egal pinisyon	Responsablite egal konprann enpak konpòtman an, pran responsablite, epi sijere fason pou repare domaj yo

Konsekans lojik

Konsekans lojik lan konekte konpòtman elèv la ak aksyon ki fèt lan ak kijan li afekte lòt moun. Konsekans yo dwe koresponn ak aksyon elèv la.

Atant lekòl la

Atant lekòl la eksplike elèv yo klèman konpetans sosyal, emosyonèl, ak konpòtman ki espere nan men granmoun ak elèv yo nan lekòl la ak nan lakou lekòl la. Atant lekòl la esplike nan kòmansman ane lekòl lan, kote yo ap gen pou mete aksan sou valè ak konpòtman lekòl la nan koulwa yo, kafeterya an, twalèt yo, lakou lekòl lan, ak sal klas yo.

Pwogram SEL

Pwogram Good People se yon pwogram aprantisaj sosyal ak emosyonèl pou klas matènèl jiska 8èm ane. Yon peryòd SEL ap enkòpore nan jounen lekòl la madi ak jedi pou elèv matènèl jiska 6èm ane, e chak jou pou elèv 7èm ak 8èm ane. Pwogram nan ap enkòpore atant aprantisaj yo, fè bon chwa, kijan pou nou jere emosyon nou, konsyantizasyon sou lòt moun ak bezwen yo, ak konpetans relasyonèl.

Nan lekòl segondè an, yon Komite Aksyon pou Jistis Sosyal ap travay ak elèv yo ak pèsònèl yo sou pratik SEL ak Restoratif yo

Zouti pou kalme ak Konsyans

Zouti pou kalme yo se estrateji ki ede elèv yo nan nenpòt nivo rekonèt emosyon yo ak kontwoletèt yo nan yon fason ki an sante.

Absans repete, prezans ak absans san okenn rezon

Komisyon Edikasyon Bridgeport lan angaje li nan travay ak elèv yo ak fanmi yo pou ankouraje yon prezans regilye, ki ap ankouraje kwasans pèsònèl elèv la ak prepare li pou aksepte menm responsabilite sa yo nan mond ki deyò lekòl la. Règleman sou prezans yo fèt pou ede elèv yo konprann ke benefis yo ap jwenn nan yon prezans regilye ap soti nan responsabilite ak angajman yo.

Absans Repete vs. Absans san okenn rezon

Absans repete se lòske yon elèv rate 10% oswa plis pandan ane lekòl la pou nenpòt rezon, tankou absans jistifye, absans ki pa jistifye, ak sispansyon.

*10% nan ane lekòl lan = 18 jou pa ane
2 jou chak mwa = 18 jou pa ane*



Pwogram Angajman Ak Prezans Elèv (LEAP)

LEAP Bridgeport se yon pwogram ki travay pou bati ak ranfòse relasyon ant fanmi yo ak lekòl yo pandan li ap travay pou diminye obstak akademik ak non-akademik ki ka anpeche aprantisaj ak angajman elèv yo

LEAP ap travay pou amelyore prezans elèv ki souvan absan ak fanmi yo atravè yon seri vizit planifye, ki konsantre sou relasyon lakay yo oswa nan yon lòt kote nan kominote a, epi pou bay sipò ak sèvis.

Vizitè LEAP yo se manm lekòl ak manm kominote ki ede idantifye obstak prezans yo epi ede kreye ak kontwòle plan sikse an pou yo fè elèv yo retounen lekòl epi rekonekte ak kominote lekòl la.

Pwosedi pou Prezans Chak Jou

1. Elèv ki anreta 10 minit apre lè ofisyèl lekòl la dwe pase nan biwo direktè an pou siyen epi resevwa yon pèmi pou rantre klas lan.
2. Si yon elèv anreta 45 minit pou lekòl, yon paran, responsab legal, oswa yon swanyan dwe akonpaye elèv la, voye yon nòt ekri, oswa rele lekòl la.
3. Elèv ki anreta dwe swiv pwosedi lekòl la pou antre nan etablisman an.
4. Paran, responsab legal, ak swanyan yo dwe rele biwo direktè an anvan 10 è si yon elèv ap absan pou jounen an.
5. Si pa gen okenn notifikasyon, lekòl la ap eseye kontakte pa telefòn paran an, gadyen an, oswa swanyan nan kay oswa nan travay konsènan absans lan
6. Lè l ap retounen lekòl, yon nòt ekri dwe soumèt, siyen pa paran, responsab legal, oswa swanyan an. Yon paran ka vini pale ak yon manm pèsònèl otorize lekòl la oswa enfimyè lekòl la ka pale ak paran, responsab legal, oswa swanyan an. Enfòmasyon sa yo pral nesesè selon eta a :

Not paran oswa Responsab Legal	Esplikasyon an pèsonn nan men paran oswa Responsab Legal bay yon manm Ki otorize Lekòl lan	Evalyasyon Pa Enfimyè lekòl lan (an pèsonn oswa nan telefòn)
Dat absans lan	Dat absans lan	Dat absans lan
Rezon absans lan	Non paran oswa Responsab Legal ki Rapòte absans lan	Rezon Absans lan
	Non paran oswa Responsab Legal ki ap rapòte absans lan	Dat ak Kibò Konsiltasyon an fèt
	Dat ak kibò rapò an fèt lan	Tip konsiltasyon an (Eske li wè elèv lan oswa li pale ak paran li)
	Siyati manm pèsònèl ki resevwa rapò an	Siyati Enfimyè lekòl lan

7. Tèks Mesaj pa satisfè nivo sekirite ki nesesè an e li pa yon fòm akseptab pou yon nòt pou absans
8. San yon nòt oswa yon eksplikasyon an pèsòn, absans lan ap vin konsidere kòm yon absans ki pa jistifye. Notifikasyon an dwe fèt nan lespas dis (10) jou lekòl apre retou elèv la pou li ka konsidere kòm jistifye.

Absans jistifye

Absans yon elèv nan lekòl la ap konsidere kòm jistifye si yon dokiman ekri eksplike rezon absans lan te soumèt nan lespas dis (10) jou lekòl apre ke elèv la retounen lekòl oswa an akò avèk [Seksyon 10-198b](#) nan Lwa Jeneral Connecticut epi li satisfè kritè sa yo :

- Absans yon (1) fwa rive nèf (9) fwa konsidere kòm jistifye lè paran/responsab legal elèv la apwouve absans sa a epi soumèt dokiman ki apwopriye yo

- Voye yon imaj eskane pa imèl akseptab
- Yon nòt absans nan lang ke paran an metrize an dwe aksepté
- Yon rapò vèbal sou yon absans ki soti nan men yon paran ki pa metrize ekriti okenn lang dwe aksepté

Pou dizyèm (10yèm) absans lan ak tout absans ki vini apre yo, absans yon elèv nan lekòl la ap konsidere kòm jistifye pou rezon sa yo:

- Maladi elèv la (Remak: tout absans yon elèv akòz maladi dwe verifye pa yon pwofesyonèl sante ki gen lisans apwopriye pou yo ka konsidere yo kòm jistifye, kèlkeswa dire absans lan).
- [Jounen Byennèt sante mantal](#) (Remak: elèv ki enskri nan jadendanfan rive nan klas 12 ka absan nan lekòl la jiska de jou pou byennèt sante mantal pandan ane lekòl lan). De jou byennèt sante mantal yo pa ka youn apre lòt. Paran/responsab legal yo dwe apwouve absans yo epi soumèt dokiman ki apwopriye yo.)
- Obsèvan yon jou de yon fèt relijye pa yon elèv
- Yon lanmò nan fanmi elèv la oswa yon lòt ijans ki depase kontwòl fanmi elèv la
- Yon konvokasyon obligatwa nan tribinal (dokiman siplemantè nesèsè)
- Mank transpò ki nòmman bay pa yon lòt distri ke sa elèv lan ladann nan (okenn dokiman nan men paran yo pa obligatwa pou rezon sila sa)
- Opòtinite edikasyon ekstraòdinè pre-apwouve pa administratè distri yo ki an akò avèk Depatman Edikasyon Eta Connecticut lan.

Absans ki pa jistifye

Absans yon elèv nan lekòl la ap konsidere kòm pa jistifye sof si li ranpli youn nan kritè sa yo:

- Absans lan satisfè definisyon yon absans jistifye (ki gen ladan kondisyon dokimantasyon yo.)
- Absans lan satisfè definisyon yon absans disiplinè.

Anreta

Rive alè nan lekòl la enpòtan pou aprantisaj ak rityèl yo. BPS kwè ke fason ki pi efikas pou chanje konpòtman se nan ogmante dyalòg, re-ansèye ak ranfòse atant yo tankou rive nan lekòl lan alè. Pwosedi ak direktiv sa yo devlope pou ankouraje paran ak elèv yo pou yo rive nan lekòl lan alè.

Anreta pou Lekòl

- Entèvanasyon tankou voye elèv la bay konseye lekòl la oswa travayè sosyal la, ofri leson patikilye anvan lekòl la, oswa mantora
- Anreta plize fwa kapab mennen nan yon referans bay ekip SRBI a.

Anreta nan klas pou lekòl primè ak segondè

- Si yon elèv anreta twa (3) fwa nan yon klas pandan peryòd evalyasyon an, sa ka lakòz yon referans elèv la bay administrasyon an pou plis dyalòg ak entèvansyon
- Nenpòt elèv ki antre nan klas la san eskiz epi ki rate 20 % nan tan kou an ap make kòm absan.
- Chak peryòd evalyasyon dwe konsidere kòm yon antite diferan.

Pwosedi pou kite bonè

Paran, responsab legal, ak Swanyan yo dwe fè tout efò pou planifye randevou pou elèv yo apre lè klas yo.

- Si yon elèv bezwen kite lekòl la bonè, yo dwe voye yon notifikasyon ekri bay biwo direktè a, ki dwe resevwa ak apwouve pa yon administratè.

Absans san rezon

Absans san rezon vle di yon timoun ki gen laj ant 5 ak 18 an, ki enskri nan BPS, ki gen 4 absans san okenn rezon nan lekòl lan pandan yon peryòd 30 jou oswa 10 absans san okenn rezon nan lekòl la pandan yon ane.

Absans san rezon pi souvan se pou timoun ki gen 20 absans san rezon nan yon ane lekòl.

Devwa pou reprann

Si yon elèv absan nan lekòl la, yo ap bay li de semèn pou konplete tout travay ki pa te fèt yo. Lè elèv la ap retounen nan lekòl lan, li dwe pale ak pwofesè a sou ki travay, devwa, oswa travay klas pou li refè.

Si elèv la nan sispansyon oswa eksklizyon, pwofesè yo ap bay travay klas ak devwa pou elèv la konplete pandan sispansyon an oswa eksklizyon an.

Règleman ak pwosedi Konsèy Edikasyon an

Entimidasyon

Konpòtman entimidasyon nan relasyon amoure ki fèt pa nenpòt elèv nan Lekòl piblik Bridgeport yo strikteman entèdi, konpòtman konsa yo ka lakòz yon aksyon disiplinè, ki enkli sispansyon ak/oswa eksklizyon nan lekòl la. Elèv ki angaje nan entimidasyon an ap sibi mezi disiplinè lekòl lan, jiska yon eksklizyon, selon sa ki ekri nan gid sa a sou responsablite elèv, sispansyon ak eksklizyon, nan Règleman BOE an, ak nan lwa federal eta an.

Objèti règleman sa a "Entimidasyon" se:

Defini kòm itilizasyon repete pa youn oswa plizyè elèv yon kominikasyon ekri, oral oswa elektwonik, tankou sibè-asèlman dirije kont yon lòt elèv ki ale lekòl nan menm distri a, oswa yon zak fizik oswa yon jès pa youn oswa plizyè elèv repete dirije kont yon lòt elèv ki ale lekòl nan menm distri an, ki kapab:

- A. lakòz domaj fizik oswa emosyonèl pou elèv sa yo oswa domaj nan pwopriyete elèv sa a
- B. kote etidyan sa vin pè pou yo pa fè li mal, oubyen koze domaj nan pwopriyete li.

Entimidasyon gen ladan, men pa limite a sa:

1. Kominikasyon ekri, vèbal, oswa elektwonik repete (sètadi, mesaj tèks, aplikasyon, imel, elatriye)
2. Yon zak fizik oswa jès ki baze sou nenpòt diferans reyèl oswa sipoze tankou ras, koulè, relijyon, eritaj, orijin nasyonal, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl oswa ekspresyon, estati sosyo-ekonomik, estati akademik, aparans fizik oswa andikap mantal, fizik, devlopmanmantal oswa sansoryèl
3. Asosyasyon ak yon endividi oswa gwoup ki genyen oswa ki sipoze genyen youn oswa plizyè nan karakteristik sa yo.

Lekòl Piblik Bridgeport yo entèdi nenpòt fòm konpòtman Entimidasyon :

- Nan lakou lekòl lan
- Nan yon aktivite, evènman, oswa pwogram ki sponsore pa lekòl la oswa ki gen rapò ak lekòl la, kit li fèt/pat fèt sou lakou lekòl la
- Nan yon arè bis lekòl, nan bis lekòl la, oswa lòt machin BOE
- Atravè itilizasyon aparèy elektwonik oswa mobil elektwonik, ke BOE posede oswa lwe oswa itilize
- Atravè itilizasyon aparèy elektwonik pèsònèl, tankou telefòn selilè, pandan lè lekòl yo

sibè-asèlman vle di nenpòt zak entimidasyon atravè itilizasyon entènèt, teknoloji entèaktif ak dijital tankou sistèm jwèt, telefòn entelijan oswa selilè, oswa lòt aparèy elektwonik mobil oswa kominikasyon

Tanpri refere w a règleman 5142 pou jwenn règleman konplè sou Entimidasyon an. Tanpri note ke règleman ak pwosedi yo kapab mete ajou pandan ane lekòl lan an fonksyon chanjman règleman BOE an oswa lejislasyon leta a.

Telefòn Pòtab ak Aparèy Elektwonik

- Telefòn pòtab oswa aparèy mobil pa pèmèt pandan lè lekòl yo pou rezon ki pa akademik

- Administratè yo ka konfiske epi remèt aparèy yo nan fen jounen an
- Administrasyon an pral bay yon avètisman vèbal epi enfòmè paran yo ke si ofans lan repete, yo ap konfiske aparèy la pandan yon mwa.

Rate Klas

- Elèv yo dwe prezan nan klas ke yo genyen yo lè yo nan etablisman lekòl lan.
- Rate yon klas konsidere kòm yon absans non jistifye pou klas sa a.
- Nenpòt elèv ki rate 3 klas oswa plis pandan yon peryòd evalyasyon ap rapòte bay administrasyon an.

Dwòg ak Alkòl

- Yon elèv ki posede yon sibstans ki sou kontwòl ki kapab manje, paraphernalia pou vapote, alkòl, oswa lòt kontrebann ap oryante bay yon ajans sèvis sosyal ki apwopriye nan zafè dwòg ak/oubyen alkòl.
- Lè li posib, yon pwogram pou sispann ak konsèy sou dwòg/alkòl ap propoze bay elèv la. Enskripsyon nan pwogram nan ka, selon diskresyon administratè a, diminye dire sispannyon an oswa lòt mezi disiplinè yo.
